

AVI KONSÈNAN PREZANS YON OBSÈVATÈ PANDAN EGZAMEN SANSIB YO

Enfòmasyon Enpòtan Konsènan Egzamen Ou yo

Nan Hackensack Meridian Health, sekirite, konfò ak diyite ou enpòtan anpil pou nou. Obsèvatè ki resevwa fòmasyon (yo rele yo tou chaperones) disponib pou prezan pandan egzamen sansib yo sou demann ou oswa lè pwofesyonèl swen sante ou a mande sa pou sipòte yon anviwònman swen ki san danje, ki montre respè, ak etik pwofesyonèl. Pratik sa a reflekte egzijans lwa New Jersey ak angajman HMM anvwè pwoteksyon pasyan yo ak responsablite pwofesyonèl.

Kisa ki yon Egzamen Sansib ye?

Yon egzamen sansib gen ladan l egzamen:

- Tete yo
- Basen an (Janm, anba vant/senti)
- Pati jenital /Entim
- Gland pwostat
- Twou dèyè a

Kisa yon Obsèvatè ye?

Yon obsèvatè se yon manm pèsònèl nou ki resevwa fòmasyon ki ka prezan pandan egzamen sansib yo.

Obsèvatè yo prezan pou:

- Sipòte konfò, diyite ak sans sekirite w pandan egzamen an
- Bay yon prezans pwofesyonèl anplis pandan swen sansib
- Ede asire egzamen an fèt avèk respè ak yon fason apwopriye

Obsèvatè a pa patisipe nan swen medikal oswa tretman ou men li rete prezan pou sipòte yon anviwònman klinik ki an sekirite ak pwofesyonèl pou ou menm ak pwofesyonèl swen sante ou a.

Dwa ak Chwa ou yo

Ou gen dwa pou:

- Mande prezans yon obsèvatè pandan yon egzamen sansib
- Poze kesyon anvan oswa pandan nenpòt kalite egzamen
- Mande pou pran yon poz oswa kanpe nenpòt kalite egzamen nenpòt ki lè

Pwofesyonèl swen sante ou a ka mande tou pou yon obsèvatè prezan pandan yon egzamen sansib kòm yon pati pou kenbe yon anviwònman klinik ki an sekirite.

Si yon Obsèvatè Pa Disponib oswa Si li Refize

- Si ou mande yon obsèvatè epi pa gen youn ki akseptab pou ou, yo ka ranvwaye egzamen an.
- Si pwofesyonèl swent sante ou a bezwen yon obsèvatè epi ou chwazi pa kontinye avèk youn prezan, egzamen an ka pa fèt nan vizit sa a.
- Nan sitiyasyon sa yo, yo ka bezwen repwograme randevou ou a.

Pwofesyonèl swen sante ou a pral diskite sou nenpòt konsiderasyon klinik ki gen rapò avèk reta nan swen epi ede òganize swivi apwopriye lè sa nesesè.

Kesyon oswa Enkyetid

Si ou gen kesyon sou obsèvatè oswa egzamen ou an, tanpri pale ak pwofesyonèl swen sante ou a oswa yon manm pèsònèl nou an.

Rekonesans

Mwen rekonèt ke mwen te resevwa epi li avi sa a konsènan obsèvatè pandan egzamen sansib epi mwen te gen opòtinite pou m poze kesyon.

Siyati Pasyan/Reprezantan: _____ Dat: _____